Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухъэхэ!

ЧЕРКЕС ЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм и депутатхэм и Облсоветым, горкомым и оргэнщ

№ 102 (2379) | Гуубж, сентябрым и 5-м 1944 гъ. | И уас. кIи. 20

Бжьыхьэ вэн-сэныр фIагъыр хэлъу едгъэкIуэкIкIэрэ, дгъэтIылъынщ гъэ къакIуэм лэжьыгъэ бэв къэлъэща хъуныгъэм и лъабжьэр.

АбыкIэрэ дгъэзэщIэнщ фронтым, Родинэм къалэну къытхуагъэувыр.

БЖЬЫХЬЭ ВЭН-СЭНЫР ФIАГЪЫР ХЭЛЪУ ЕДГЪЭКIУЭКIЫНЩ

Де областым и кIуэцIкIэ Черкесскэ зэдыщIадзащ псом псоникI зэдыщIадзащ бжьыхьэ вэн-сэным. Ауэ ар зэхъуэкIыным псоникI зэхуэду зэдыщIэкIыным. Вэным щыщIадзам щыгъэ ипарей махуэкэм къэкIуэнщ гъавэ бэв къэлъэща хъуныгъэм и лъабжьэр гъэтIылъэ хъуныгъэмкIэ.

Бжьыхьэсэ лэжьыгъэхэм сыт щыгъуникI мыхьэнэщхъэ яIэщ. Ар хэт дежкIи нахуэу щытщ. Нэгъабэ бжьыхьэсэ лэжьыгъэм ягугъуу зылэжьахэм, мы гъэм гуэдз хъэлэмэт къаIэрыхьащ, колхозхэткэм трудоденкIэ иратын ягъуэтащ. Ауэ абы немыпхъ езыту, емыгугъуу елэжьахэм зарегугъуам хуэдущ къазэрегугъужар. Адыгэ псалъэжьу щыIэщ „узэгугъур къогугъуж". Абхуэдэ къабзэщ лэжьыгъэркI. Абы егугъу, фIыуэ, и чэзум дежкIэ хэлъхьамэ, телъафэ щIамэ щабу, удзыжьхэр хэгъэкъабзыкIамэ—мэбагъуэр. Колхоз куэдкэм зыщагъэсъущэн хуейкъым мыгъэрей урокыр—лэжьыгъэу тырасам и нэхъыбапIэр фIейм зэщIищтауэ зэрыщытар. Ар къызэкIар жылапхъэщ емыгугъуу ягъэкъазырыныгъэращ.

Дэтхэнэ зыми къалэныпхъэу бгъуэдэлъщ бжьыхьэ вэнсэныр фIагъыр хэлъу иригъэкIуэкIыну. Махуэ къэсыхуэкIэ кIэлъыплъ зэпыту щытын хуейщ зэрывэм и фIагъым, зэрапхъым, графикыр зэрагъэзащIэм. Пхъын хуейр уэфIэмыкIыжыну зи нэхъыфIщымыIэж жылапхъэщ.

А Iуэхугъуэ псорикI гъэзэщIа хъуныгъэмкIэ дэтхэнэ колхозникI лъэкIынмыгъуэ псорикI иIэщ—гурэ псэрэ етауэ лэжьын хуейщ дэтхэнэ зы Iуэхурикl. Абы щыгъуэм лэжьыгъэ бэв къэлъэща хъунущ, абы щыгъуэм фронтымрэ Родинэмрэ къалэн къытхуащIыр гъэзэщIа хъунущ.

Нормэм щIырагъэгъуэхуу лэвэхэр

Хуабжьу щапхъэфIхэр къагъэлагъуэхэу маниэхэр Жьакуэ къуажэм дет „Краснэ Жьакуэ" колхозым и вакIуэхэу Шабзуховхэ ары, Шабзуховхэ ухар сымэ. Зы махуэ къэкъуным мыбыхэм нормэм щIигъуу ямыгъэзащIу.

ЦIыхубз вакIуэхэр

„Краснэ Жьакуэ" колхозым (Жьакуэ къуажэ) къызэрагъэпэщащ пхъэIэщэ цIыхубз защIу зэхэту. ПхъэIэщэм ирапхахэщ нэхъ комсомолкэфIхэу, цIыхубз ныбжьыщIэхэр. Пхъэ-Iэщэжь Адэмокъуэхэ Аминат нэгъабэ щапхъэфIхэр къилъэгъэлъагъуу лажьащ.

Союзникхэм Брюссель къащтащ

ЛОНДОН, сентябрым и 4-м. (ТАСС). Нобэ союзникхэм я экспедициониэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыдигъэкIа сообщением жеIэр:

Брюссель хуит къащIыжащ. Союзникхэм я дэхэу сентябрым и 3-м и пщэдджыжым жьыуэ Бельгийскэ границэм икIа союзникхэм я дэхэм, псынщIу хуит къащIыжащ Турнэ, икIи ищхъэрэ, къуэкIыпIэ лъэныкъуэхэмкIэ кIуатэхэкIэрэ, пщыхьэщхьэм хэкIутауэ Бельгийскэ столицэ Брюссель дыхьахэщ.

СОВЕТСКЭ-ФИНСКЭ ЗЭХУЩЫТЫКIЭХЭМ ЩХЬЭКIЭ

Августым и 25-м финскэ лIыкIуэу Стокгольм щыIэ г. Гриппенберг советскэ лIыкIуэ А. М. Колонтай Iэри ахъащ хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ финскэ министр Г. Энкель и заявленицер мы къакIуэнур:

„Сэ щIыхь сиIэу Уэ бжьыгуIэр, финскэ республикэм и президентымрэ финскэ правительствэмрэ пщэрылъ хуащIауэ Стокгольм щыIэ финскэ республикэм и министр г-н Гриппенберг Уэ уи дыIэпыкъуэгъукIэ, Советскэ Правительствэм зихуигъэзэну, Финляндиямрэ Советскэ Союзымрэ зэзэгъыныгъэмрэ, е мамырыгъэ задащIыныгъэмрэкIэ, е тIумикI зэуэ зэдытепсэлъыхьыныгъэм щхьэкIэ, Москва финскэ правительственнэ делегацияр ищтэным щIэлъэIуным щхьэкIэ".

Абы нэмыщIу г-н Гриппенберг А. М. Колонтай иратащ верительнэ нотэ, абы итхащ финскэ республикэм и президентым „Августым и 17 м германскэ рейхсканцлерым пщэрылъ зэрыхунщIам теткIэ абы и деж екIуэлIауэ щыта фельдмаршал Кейтель жыриIауэ, ар-зыкIи емыпхауэ инэкIэ президенту щыта Рюти германскэ правительствэм зэрезгъэм".

Абы къыхэкIкIэ Советскэ Правительствэм А. М. Колонтай пщэрылъ хунищIащ августым и 29-м мы къакIуэнухэр финскэ правительствэм ритыжыну:

„Советскэ Правительствэм финскэ правительствэм и делегацияр ищтэнкIэ хъунщ мы къэкIуэну Iуэхугъуэхэр финскэ правительствэм зэ щхьэкIэ ищтэмэ:

„Псоми зэхахыу финскэ правительствэм жIэну Германиям щытыкIэ лъэпкъ хуимыIэжыну икIи абы Германиям и пащхьэ щигъэувыну германскэ дзэхэр Финляндиям тхьэмахуитI пIалъэкIэ прашыжыну, Советскэ Правительствэм ищIа предложениер Финскэ правительствэм зэрищтэхэ махуэм хуэду, е мы гъэм сентябрым и 15-м икIэ къэмыхъуу, мы къэгъэлъэгъуэ хъуэ зэманым деж Германиям и дзэхэр Финляндиям иримышыжмэ, абы щыгъуэм немецкэ дзэхэм Iэщэр къаIыхауэ союзникхэм иратынхэу воен э пленхэм хуэду.

Мы зэ щхьэкIэ гъэуна хъуа условияхэр финскэ правительствэм ищтэмэ, абы щыгъуэм Советскэ Правительствэр разыщ Москва деж финскэ правительствэм и делегацияр щищтэну зэзэгъныгъэм, е мамырыгъэм, е тIумикI зэдытепсэлъыхьыныгъэм щхьэкIэ".

Абы щыгъуэм г-н Гриппенберг жыраIауэ щытащ Советскэ Правительствэм мы и жэуапымкIэ англиискэ правительствэм епсэлъауэ икIи США-м я правительствэмкI зырикI пимыльхъауэ.

Сентябрым и 2-м г-н Гриппенберг А. М. Колонтай къыриташ финскэ президент Маннергейм и обращениер. А обращением деж финскэ президентым жеIэр, Советскэ Правительствэм зэ щхьэкIэ кIигъэлъэгъуа условияхэм я жэуапыр ирамытыж щIыкIэ финскэ правительствэм егъэувыр езы Финляндиям иригъэкIуэкIыну германскэ дзэхэр езыр-езырхэурэ икIыжынхэу е лубыдхэурэ иришыжынхэу финскэ щIыгум и (ипщэ) лъэныкъуэ-закъуэм. Абы нэмыщIу финскэ президентым и обращением егъэувыр, фронтым (и ипщэ) Iыхьэ хэха гуэрым деж зауэр щагъэувыIэну икIи фронтым а и Iыхьэм деж финскэ дзэхэр Iуашынхэу 1940 гъэм ягъэувауэ щыта советскэ-финскэ границэм нэсыхункIэ абы ипкъ иткIэрэ а линиям деж советскэ дзэхэрикI ягъэкIуэтэну.

Абы щыгъуэу г-н Гриппенберг жиIащ, Финляндиям Германиям щытыкIэ лъэпкъ зэрыхуимыIэжымкIэ заявление финскэ правительствэм ищIын хуейщ жэуэ Советскэ Правительствэм игъэувымкIэ финскэ правительствэм заявление щищIынур финскэ президентым ящIа обращениемкIэ Советскэ Правительствэм и жэуапыр зэхихмэщ. Абы нэмыщIу г. Гриппенберг жиIащ финнхэр сыт щыгъуикI хьэзырхэу Финляндиям и ищхъэрэ лъэныкъуэхэм деж немецкэ дзэхэм Iэщэхэр ягъэтIылъынымыгъэмкIэ екIуэкI операциехэм хэтынхэу, ауэ ахэр хуейщ советскэ военнэ командованием Москва деж епсэлъэнхэу ар егъэкIуэкIа зарыхъунумрэ а Iуэхугъуэмкlэ дыIэпыкъуэгъуэу ягъуэтынумрэкIэ.

Мы нужьырей финскэ заявлением Советскэ Правительствэм жэуап иритыжащ сентябрым и 3-м. А жэуапым итхащ, Советскэ Правительствэм амал имыIэу ягъэуву финскэ правительствэм ищтэну и щхьэкIэ къэгъэлъэгъуа хъуауэ зэ щхьэкIэ ягъэува условияхэр, финскэ правительствэм псоми захахыу жиIэн хуейщ Германиям абы щытыкIэ лъэпкъ хуимыIэжу икIи къалэн хуищIу немецкэ дзэхэр Финляндиям сентябрым и 15-м и кIэ нэхъ къамыхъуу ирашыжыну, Финляндиям германскэ дзэхэр ягъэува пIалъэм деж ирамыщыжмэ, абы щыгъуэм немецкэ дзэхэм Iэщэхэр къыIахыну икIи союзникхэм военнэ пленхэм хуэду иратынхэу. Советскэ жэуапым жеIэр, абхуэдэ къабзу, Германиям и дзэхэр сентябрым и 15-м нэгъунэкIэ Финляндиям ирамышыжмэ, Советскэ Правительствэр арэзыуэ финскэ армиехэм дыIэпыкъуэгъу иратынуэ немецкэ дзэхэм Iэщэхэр къатеха хуэныгъэмкIэ. Абы щыгъуэм Советскэ Правительствэр езэгъащ, къэгъэлъэгъуа условияхэм якъ иткIэ, фронтым и ипщэ участкэ гуэрхэм деж зауэр, ягъуэвыIэну и щхьэкIэ къэгъэлъэгъуа хъуа условияхэр финскэ правительствэм игъэзащIэмэ. Советскэ Правительствэм жиIащ, адрей вопрос псорикI гъэзэщIа хъуну зэзэгъыныгъэмкIэ щызэпсалъэхэм деж.

СССР-м и наркоминделым и информбюро

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Сентябрым и 3-м и оперативнэ сводкэ

Сентябрым и 3-р екIуэкIыхункIэ ПЛОЕШТИ и ищхъэрэ Iуэкlэ икIи и къухьэпIалуэкIэ ди дзэхэр, инэкIэ кIуатэхэкIэрэ, къащтахэщ къуажэ 40-м щIигъу.

Город БУХАРЕСТ и ипщэ Iуэкlэ ди дзэхэм къанэ щымыIэу бийм къыIэщIагъэкIыжащ ДУНАЙ псым и ищхъэрэ Iуфэ ДЖУРДЖУ, ОЛТЕНИЦА участкэхэм деж, зауэ здырагъэкIуэкIахэм къащтащ къуажэхэу ФРАСИНУ, МЕЛЕТИЕ, ПЕТРИЛЕ, ПУЕНИ, ГРЕАКА, КЭС ЧОАРЕЛЕ, КИРНОДЖИ, гъущIгъуэгу станцхэу ЖИЛОВА, СИНТЕШТИ, ВИДРА, ГРОДИШТЯ, КОМАНА, МИХАЙ, БРАВУ, БЭНЯСА, ФРАТЕШТИ.

Фронтым и адрей участкэхэм разведчикхэр мэплъакIуэхэр икIи щIыпIэ гуэрхэми щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ ирагъэкIуэкIащ.

Сентябрым и 2 м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронт псом дежи зэхакъутахэщ немецкэ танк 21. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 20.

Сентябрым и 4-м и оперативнэ сводкэ

Город ЛОМЖА и ипщэ-къухьэпIалуэкIэ ди дзэхэм зауэкIэ къащтахэщ къуажи 100-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэхэхэр: ХОРОМАНЫ, ХРОСТОВО, БОРОВЦЕ, ЯРНУТЫ, СУХЧИЦЕ, РОСОШ, ВОЖЕВО, ГУРЫ, НОВАЯ ВЕСЬ, ДЛУГОСЕЦЛО, БЯЛЕ БЛОТО, БРАНЩИК, ТУЧАН, гъущIгъуэгу станцхэу ЕЛЕНКИ, ТУЦЫН, ПШЕТУЧ.

Румыниям деж 2-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм, румынскэ армием и частхэр идзэзауэкIэрэ, немецкэ зэрыпхъуэкIуэхэм

(ЕтIуанэрей напэм ещIэлъ).

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Сентябрым и 4-м и оперативнэ сводкэ

къыIэщIагъэкIыжащ город БРАШУВ.

Ипэ кIуатэхэкIэрэ, фронтым и дзэхэм немецкэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ городхэу СИНЯЯ НЫМПИНА, ТЫТУ, къуажи 150-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ДОЙЧЕШТИ, ВАЛЯ МАРЕ, ВИШУНА, МУРША, ГИЛМАЦИ, ПЕТРУ, РАРЕШ, ЧУЛАНЫ, гъущIгъуэгу станцхэу ТИМИШУ-ДЕРСТЕ, ТИМИШУ-ДЕ-ЖОС, ВАЛЯ ДЕ-СУС, АЗУД, БУШТЕНИ, СИНЯЯ, ЧОКАЛАРГЭ, КОМАРНИК, КЫМПИНА, КОНЦЕШНЕШТИ, БЫЛДАНА, ГЕРГАНИ, БОЛОТИ, ТИТУ, КОЖОКАРЫ, ГЭСШТИ, ТЫРГОВШИВАНИ, НУЧЕТ, ВЭКЭРЕШТИ, ТЫРГОВШИТЕ, ДОЙЧЕШТИ.

Сентябрым и 2, и 3-м город БАКЕУ и ип щаIуэкIэ 2-рей Украинскэ фронтым и дзэхэм зэхаукIахэщ нем цкэ дзэ гуп западымкIэ кIуэну щIэкъуахэр. А зауэм деж иукIакIэ кIуэну щIэкъуахэр. А зауэм деж яукIахэу щытащ 3000 икIи плен къащIахэщ немецкэ солдатми офицерми 3500. Плен къащIахэм яхэтщ 37-рэй немецкэ пехотнэ дивизым и командир генерал-майор фон Гюльзен Абхуэду, Кишиневскэ къаухъуренхьа бийм и группировкэ немецкэ дзэхэм къащIэнахэр ягъэкIуэдахэщ. Сентябрым и 1-м, и 2-р иратгъэкIуэкIа зауэхэм город КЭЛЭРАШИ районым деж (ДУНАЙ псыIуфэм деж) 3 рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм плен къащIахэщ немецкэ солдатми офицерми 6000-м нэс. Плен къащIахэм яхэтхэщ полковникхэу 18, старшэ, среднэ офицерхэу 100-м блэкI Нахуэ зэрыхъуамкIэ, БРАИЛОВ районым деж щызэтыраукIа немецкэ частхэм къыщIэнахэу араш. А частым плен къащIахэр абдежым щызэтыраукIа немецкэ частхэм къыщIэнахэу арщ. КЭЛЭРАШИ районым деж инэхъыбэ дзэхэу Болгарием къырашу къащIахэр немецхэм Болгарием къырашу БУХАРЕСТ и Румынием къашауэ щытащ БУХАРЕСТ и ипщэ-къуэкIыпIаIуэм атакэ ягъэкIуэнхэу, Краснэ Армияр Бухарест щыбгъэдыхьам щыгъуэ.

Фронтым и адрей участкэхэм разведчикхэр мэплъакIуэхэр.

Сентябрым и 3-м и кIуэцIкIэ хъэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллерием и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 13.

„Анэ-ЛIыхъужь“ щIыхь цIэм и положенэр, „Анэ щIыхь“ орден I, II, III-нэ степенхэмрэ „Анэм и медаль“ медаль I, II-нэ степенхэмрэ я положенэхэр, описанэхэр къэщтэнымкIэ

СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и

УКАЗ

1944 гъэм июлым и 8-м „Фыз лъэщыджэхэм, сабий куэд зиIэхэм икIи щIъэзакъуэ анэхэм къэралым къырит дэIэпыкъуныгъэр нэхъыбэ щIыным, анэмрэ сабиймрэ хъумэныгъэр гъэлъэщыным, „Анэ лIыхъужь“ орденымрэ „Анэм и Медаль“ медалымрэ гъэувыным теухуауэ СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и Указ къыдэкIам къызэрезэгъкIэ СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым **унафэ ещIыр:**

1. **„Анэ ЛIыхъужь“** орденым и описанэмрэ къэщтэн.
2. **„Анэ ЩIыхь“** орден I, II, III-нэ степенхэмрэ къэщтэн.
3. **„Анэм и Медаль“** медаль е I, II-нэ степенхэм я положенэмрэ описанэмрэ къэщтэн.

СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и Председатель

М. КАЛИНИН

СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и секретарь

А. ГОРКИН.

„Анэ-ЛIыхъужь“ щIыхь зиIэ цIэм папщIэкIэ

ПОЛОЖЕНЭ

1. **„Анэ ЛIыхъужь“** щIыхь зиIэ цIэр СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым фIещыр сабийуэ 10 къэзылъхуа икIи зыпIа анэхэм.

2. **„Анэ ЛIыхъужь“** щIыхь зиIэ цIэр фIащыр, иужь къалъхуа сабийр илъэс ирикъуа нэужь икIи а анэм и адрей сабийхэри псэууэ щытмэ.

„Анэ ЛIыхъужь“ щIыхь зиIэ цIэр щыфIащкIэ къалъытэр Хэку зауэм и фронтхэм щаукIахэр е хъыбарыншэу хэкIуэда сабийхэри.

3. **„Анэ ЛIыхъужь“** щIыхь зиIэ цIэр зыфIаща анэхэм **„Анэ ЛIыхъужь“** орденымрэ СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и грамотэмрэ иратхэр.

4. **„Анэ ЛIыхъужь“** орденымрэ СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и грамотэмрэ зытыр СССР-м и Верховнэ Светым и Президиумырщ е СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и пIэкIэ союзнэ, автономнэ республикэхэм я Верховнэ Советым я Президиумхэрщ.

5. **„Анэ ЛIыхъужь“** орденыр зыратахэм зэрахьэр я бгъэ сэмэгум хэлъу, ахэр зыратахэм нэгъуэщI орденхэмрэ медальхэмрэ яIэу щытмэ абыхэм я щIыIукIэ хэлъу зэрахьэр.

6. **„Анэ ЛIыхъужь“** щIыхь зиIэ цIэр зыфIашахэм къагъэсэбэпхэр СССР-м и орденхэм теухуауэ щыIэ Положенэм и ст. ст. 10—14-хэм къагъэлъагъуэ льготхэмрэ сэбэпыныгъэхэмрэ.

„Анэ ЛIыхъужь“ щIыхь зиIэ цIэр зыфIаща анэр лIэуэ щытмэ **„Анэ ЛIыхъужь“** орденымрэ СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и грамотэмрэ унагъуэм къыхуагъанэр, фэеплъу яхъумэну.

„Анэ щIыхь“ орденым и

СТАТУТ

1. **„Анэ ЩIыхь“** орденыр иратыр сабийуэ блы, ны, бгъу къэзылъхуа икIи зыпIа анэхэм.

2. **„Анэ ЩIыхь“** орденыр ятыр СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и цIэкIэ союзнэ, автономнэ республикэхэм я Верховнэ Советхэм я Президиумхэм Указ къыдагъэкIыурэ, зэрыратахэр иужькIэ СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым къищтэжурэ.

3. **„Анэ ЩIыхь“** орденыр степени 3 мэхъур:

„Анэ ЩIыхь“ е I-нэ степень орден,

„Анэ ЩIыхь“ е II-нэ степень орден.

„Анэ ЩIыхь“ е III-нэ степень орден:

Нэхъ орден лъапIэу ялъытэр япэ степенырщ.

4. **„Анэ ЩIыхь“** орденыр иратхэр:

сабийуэ блы къэзылъхуу, зыпIа анэхэм—III-нэ степень орденыр,

сабийуэ 8 къэзылъхуу зыпIа анэхэм,—II нэ степень орденыр,

Сабийуэ 9 къэзылъхуу зыпIа анэхэм I-нэ степень орденыр.

5. **„Анэ ЩIыхь“** степень зыхуэфащэ орденыр щыратыр иужьым къалъхуа сабийр илъэс хъуа нэужьщ икIи а анэм и адрей сабийхэри псэууэ щытмэщ.

„Анэ ЩIыхь“ орденыр щыраткIэ къалъытэр Хэку зауэм и фронтхэм щаукIа икIи хъыбарыншэу щыхэкIуэда сабийхэри.

6. Сабийуэ 8-9 зиIэ анэхэм **„Анэ ЩIыхь“** орденыр зэрыратыр зэщ, хуэфащэ орден степеным елъытауэ.

7. **„Анэ ЩIыхь“** е I, II, III-нэ степень орденхэр зытхэр союзнэ, автономнэ республикэхэм я Верховнэ Советхэм я Президиумхэрщ, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я областной, краевой, городской икIи районнэ Советхэм я Исполнительнэ Комитетхэрщ, СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и цIэкIэ.

8. **„Анэ ЩIыхь“** е I, II, III-нэ степень, орденыр бгъэ сэмэгумкIэ хэлъу зэрахьэр икIи ар зыратахэм нэгъуэщI орденхэмрэ медальхэмрэ яIэу щытымэ абы и щIыIукIэ хэлъу зэрахьэр.

9. **„Анэ ЩIыхь“** орден зыратахэм къагъэсэбэпхэр СССР-м и орденхэм теухуауэ щыIэ положенэм и ст. ст. 10 14-хэм къагъэлъагъуэ льготхэмрэ сэбэпыныгъэмрэ.

10. **„Анэ ЩIыхь“** орденыр зырата анэр лIэуэ щытмэ ар орден книжкэри щIыгъуу унагъуэм къыхуонэр фэеплъу яхъумэн папщIэкIэ.

„Анэ медаль“ медальхэм папщIэ

ПОЛОЖЕНЭ

1. **„Анэ Медаль“** медалыр иратыр сабийуэ 5, 6 къэзылъхуу зыпIа анэхэм

2. **„Анэ Медаль“** медалыр ятыр СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и цIэкIэ союзнэ, автономнэ республикэхэм я Верховнэ Советхэм я Президиумхэм

3. **„Анэ Медаль“** медалыр степенитI мэхъур:

„Анэ Медаль“ е I нэ степень.

„Анэ Медаль“ е II-нэ степень.

Медаль степень нэхъ лъапIэу ялъытэр япэ степенырщ.

4. **„Анэ Медаль“** медалыр иратхэр:

сабийуэ тху къэзылъхуу зыпIа анэхэм—е II нэ степень медалыр,

сабийуэ хы къэзылъхуу зыпIа анэхэм—е I-нэ степень медалыр.

5. **Анэ „Медаль“** медаль зыхуэфащэ степеныр щыратыр иужьым къалъхуа сабийр илъэс ирикъуа нэужькIэщ икIи а анэм и адрей сабийхэр псэууэ щытмэщ.

„Анэ Медаль“ медалыр щыраткIэ къалъытэр Хэку зауэм и фронтхэм щаукIа икIи хъыбарыншэу щыхэкIуэда сабийхэри.

6. Сабийх зиIэ ан[illegible] степень медаль иратыр.

7. **„Анэ Медаль“** [illegible] степень медалыр ят[illegible]нэ, автономнэ респуб[illegible] я Верховнэ Совет[illegible] зидиумхэм икIи гуа[illegible]ухэм я депутатхэм [illegible]ной, краевой, город[illegible] районнэ Советхэм я [illegible]тельнэ Комитетхэм [illegible] Верховнэ Советым [illegible]диумым и цIэкIэ.

8. **„Анэ Ме[illegible]** степень медалыр б[illegible] гурабгъуэм хэлъу [illegible] икIи ар зыратам нэг[illegible]денхэмрэ медаль[illegible] щытмэ абыхэм кI[illegible] е абыхэм я щIаг[illegible] кIэральхьэр.

9. **„Анэ Медаль“** [illegible] анэр лIэуэ щытмэ [illegible] щIыгъу удостоверен[illegible] дэкIуэу и бынунагъ[illegible] хуонэр фэеплъу яхъ[illegible]

Зауэ здекIуэкI Средиземноморск[illegible] театрым деж щыIэ союзникхэ[illegible] я вооруженнэ къарухэм я штабы[illegible] сообщениер

ЛОНДОН, сентябрым и 4-м. (ТАСС). Зауэ зыщекIуэкI Средиземноморской театрым щыIэ союзникхэм я дзэхэм сентябрым и 4-м къыта сообщением жIэр:

7-рей армиям и передовой частхэу, Францием щызауэхэр, Лион дыхьахэщ икIи фIыуэ кIуэтахэщ а городым и ищхъэрэIуэкIэ, и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ. Французскэ частхэр нэсахэщ Вильфанш, Лион и ищхъэрэIуэкIэ миль 15 хъункIэ хъунщ.

Италием союзникхэм я дзэхэр фронтым и флангитIым дежикI мэкIуатэхэр. Готскэ линияр Поверо къыщыщIэдзауэ Страни игъунэгъуу км. 32 пунктым нэсыхункIэ союзникхэм хуабжьу контролировать ящIыр.

КъухьэпIэIуэмкIэ, [illegible]ковэ соединениехэр [illegible] лъэныкъуэмкIэ [illegible] ИкIи город Эр [illegible] Абвилъ районым де[illegible] псым зэпырыкIахэщ [illegible] и лъэныкъуитIым де[illegible]юзникхэм я дзэхэр [illegible] ищхъэрэIуэкIэ [illegible]хэщ. Гавр и ищх[illegible] икIи къухьэпIэIуэк[illegible] хэм я дзэхэр бгъу[illegible]портым и нэхъ бы[illegible]

Союзникхэм я [illegible] Шарлеруа районы[illegible] Iэхэщ.

ИщаIуэкIэ союз[illegible] дзэхэр бгъуэдыхь[illegible] Адрей частхэр Мас[illegible] пырыкIахэщ Шале[illegible] гъуу.

Ответ. редактор М. [illegible]

ЧЕРКЕССКЭ

ПЕДАГОГИЧЕСКЭ УЧИЛИЩ[illegible]

1944—1945 еджэгъуэ илъэсхэм еджакIуэ ищтэн[illegible]

Педучилищэм ищтэхэр:

Курыт еджапIэ ирикъухэм я классиблыр къэзу[illegible] Училищэм щIыхьэхэм къайупщIынущ мы къэкIуэну предме[illegible]

Урыс отделением хыхьэхэм:

а) урысыбзэкIэ (устнэу икIи письменнэу)

б) арифметикэмкIэ (устнэу икIи письменнэу)

Адыгэ отделением хыхьэхэм:

а) урысыбзэмкIэ (устнэу икIи письменнэу);

б) арифметикэмкIэ (устнэу икIи письменнэу);

в) адыгэбзэмкIэ (устнэу икIи письменнэу).

1943—1944 еджэгъуэ илъэсхэм курыт ирикъу еджапIэ[illegible] нэ“ оценкэ иIэу къэзухахэр къаймыупщIу ищтэ[illegible]

Педучилищэм и II-рей классым ищтэхэр курыт еджапIэ[illegible] рей, X-рей классхэр къэзухахэр.

КъыкIэрымыхуу еджэ псоми стипендия иратыр.

Педучилищэм иIэщ общежитие, столовэ.

Педучилищэм щIыхьэну псоми директорым заявление ир[illegible] къэкIуэну документхэр щIыгъуу: автобиография, щIэ[illegible] тхылъ, къыщалъхуа гъэм и справкэ, фотокарточ[illegible]

Заявлениехэр августым и 25-м нэсыхункIэ ищтэхэр. Къы[illegible] ным августым и 20-м щIадзэнущ.

Педучилищэм и адресыр: г. Черкесск, Горький урам [illegible]

Дирек[illegible]

ВУ 00249 Редакцием и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54 Черкесскэ областным и государственнэ типографие